# नेनाक बाइबिल
*प्रस्तुति*



# राजा दाउद
# (भाग 2)

*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

*रूपान्तरित*: Ruth Klassen

*अनुवाद*: Ashish Paul

*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





दक्षिणी इस्त्राएल में दाउद यहूदाक राजा छलाह। मुदा बांकि कऽ इस्त्राएल में लोक यहोसापात कऽ राजक रूप में नेने छलाह जे शाउलक पुत रहैथि। सात बरख धरि गृह युद्ध छीड़ गेलैक। मुदा दाउद दिन बऽ दिन मजगूत होयत चलि गेलाह।






आखिरकार राजा यहोशापात अपन दु सैनिकक द्वारा मारल गेलाह।
3



तहन इस्त्राएलीक समस्त जातिक लोक दाउदक लग आएब कऽ हुनका इस्त्राएलीक राजक रूप में अभिषिक्त कऽ देलिन। अन्तोगत्वा दाउद समस्त इस्त्राएलीक उपर राजा बनि गेलाह।
4


जे पहिल काज राजा दाउद कएलाह ओ छल ओ यरुशलेमक उपर अधिकार कऽ लेलिन। अऽ बाद में ओ नगर दाउदक नगरिक रूप में जानल गेलाह। ओ नगरिक दुष्मणक मजगूत विरोधी कऽ रूप में पुनः निर्मित कएलाह। यरूशलेम सँ दाउदक सेना ईस्त्राएलीक दुष्मन फलिस्ती आओर आनक उपर विजय प्रापत करबाक लेल ओहिठम सँ गेलाह।
5



दोसर काज जे राजा दाउद कएलिन ओ छल जे ओ वाचाक संदूक कऽ यरूशलेम लऽ आनलिन। परमेश्वरक वाचाक सन्दूक में दस आज्ञाक प्रपत्र आओर आन व्यवस्थाक विषय में छल जे परमेश्वर मूसाक देने रहैथि। वाचाक संदूक इस्त्राएलीक परमेश्वरक पवित्रता अऽ ओकरा मानबाक आवश्यकता कऽ विषय में बताबैत अछि।
6



अपन राजक सुरूवाति दिन में दाउदक बहुत लड़ाई लड़अ पड़लिन। ओ बड़ बुधियार सैनिक अऽ नम्र मनुख छलाह किएक तऽ ओ परमेश्वरक दिशा निदेशनक हेतू प्रार्थना कएलाएथि।
7



ई बात दाउदक बड़ चिंतित कऽ दैत रहिन जे ओ तऽ बड़ निक भवन में रहैत छथि मुदा परमेश्वरक वाचाक संदूक तम्बू में अछि। दाउद एक मंदिर बनयबाक फैसला लेलिन। परमेश्वरक भविष्यवक्ता नातान हुनका आगाँ बढ़बाक लेल कहलिन।
8


ओही राति में
परमेश्वर दाउदक
लग में एकटा
समाद पठौलिन।
हे हमर सेवक
दाउद परमेश्वर
अहाँक लेल एकटा भवन
बनौताह। जहन अहाँक दिन
पूरा भऽ जाएत आओर अहाँ अपन पितरक संगे सूति रहब,
अहाँक धियापुता कऽ हम अहाँक बाद राजा बनाएब। ओ हमर
नाम सँ एक भवन बनाबत आओर हम ओहि में दाउदक
सिंहासनक अऽ राजक सर्वदाक लेल स्थिर कऽ देब।“
9


दाउद शाउलक परिवारक बचल हरएक लोकक सहायता
करअ चाहैत छलाह। ओ देखलिन जे योनाथनक पुत
मपीबोशेत मात्र बचल छथि हुनका कोढ़ रहिन दाउद
कहलिन ई हमर मेज पऽ एकै राजाक समान
भोजन करताह। दाउद
मपीबोशेतक प्रति दयावान
छलाह कारणें ओ हुनक
प्रिय दोस्त योनाथनक
पुत रहैथि।
10


जाबेद घरि दाउद परमेश्वरक उपर भरोसा
कएलिन आओर हुनक आज्ञाक माननलिन
परमेश्वर हुनका बढ़ाबैत गेलिन। मुदा एक
रोज, एकटा कारि छाया दाउदक
जिनगी पऽ पड़ल। जहन
यरूशलेम में ठहरल छलाह ओ
अपन सैनिक कऽ युद्ध करबाक
लेल पठौलिन। एक राति हुनका
निंद नहि पड़ैत रहिन। तहन
ओ अपन छतक उपर जा कऽ
नगरिक चारों दिश निहारलएथि।
11


ओ देखलिन एक रूपवती स्त्री नेहा
रहल छलीह। हुनक नाम बतसेबा
रहिन। दाउद बतसेबाक संगे पाप
कएलखिंन्ह हलांकि ओकर घरवला
दाउदक सेना कऽ एक सहासी सैनिक
छलाह। जहन बाद में बतसेबा दाउद
सँ कहलीह जे हम अहाँक नेन्हाक
माय बनयवाली छी, दाउद बूझि
गेलाह जे हुनक पाप आओर बेसी
मुशिबतें लऽ कऽ अबैया अछि।
12


परमेश्वरक सन्मुख में
अपन पापक मान लेबाक
छोड़ि कऽ दाउद अपन पापक झांपबाक प्रयास कएलाएथ। जे
कहियो काज नहि करैत अछि! ओ युरियाह कऽ युद्धक मैदान
सँ बजौलिन, ई सोच कऽ जे हुनका मोन में ई होयतन जे
बच्चा हुनके छनि। मुदा युरियाह कहिओ अपन घर पऽ नहि
रहैत छलाह जहन हुनक साथ सैनिक युद्धक मैदान में होयत
छल। युरियाह राजाक राजभवनक डौढ़ी पऽ सूति गेलाह।
13



दाउद अकरो सँ बढ़ि कऽ
दुष्टताक काज कएलाएथि।
ओ युरियाह कऽ एकटा
चिट्ठी दऽ कऽ पुनः युद्ध
भूमि में पठा देलिन।
सेनाक प्रधानक ई लिखल
गेल रहिन जे एहन किछु
करियौक जाहि सँ युरियाह
युद्धक मैदान में मरि
जाएक। जहन युरियाह मारल
गेलाह ओ बतसेबाक अपन
घरवाली बना लेलखिंन्ह।
14

परमेश्वर अपन भविष्यवक्ता नातानक हुनक पापक विषय में बतएबाक लेल हुनका ओतो पठौलिन। नातान भविष्यवक्ता दाउदक एकटा गरीब आओर एकटा धनिक मनुखक कथा कहलखिंन्ह। धनिक मनुखक लग में सैकड़ो भेड़ा रहिन। मुदा गरीबक लग में मात्र एकटा छोट मेमना रहिन, जकर ओ देखभाल अपन बेटीक जकां करैत छलाह।



15

जहन एकटा यात्री ओहि धनिक मनुखक लग में आएल, ओ धनिक अपन सैकड़ों भेड़ा में ककरो एक कऽ मारि कऽ हुनका भोजन नहि करौलिन। एकरा विपरित ओ गरीब मनुखक मेमना कऽ लऽ कऽ ओकरा मारि देलिन।




16

दाउद ओहि स्वार्थी धनिक मनुख सँ बड़ क्रोधित भेलाह। “ओ चिकरलिन, जे मनुख ई काज कएने छथि हुनका जरूर मरि जएबाक चाहि।“



17

बहादुर अऽ सहासी नातान कहलिन “ओ मनुख तऽ अहाँ छी“। जे काज दाउद कएने रहैथि ओ काज तऽ कथा में जे धनिक मनुख कएने रहैथि ओकरां सँ बेसी गीरल छल।




18

परमेश्वर दाउदक देखा देलिन जे ओ कतैक दुष्ट मनुख छथि। आओर दाउद अपन पापक लेल मांफी मांगलिन। ओ परमेश्वर सँ कहलिन हम आओर एक बेर अहाँक प्रतिपक्ष में पाप कएलहुँ आओर परमेश्वर दाउदक पापक मांफ कऽ देलिन। मुदा बतसेबाक नवजात बड़ बीमार छल, आओर ओ जनमक तुरन्त बाद मरि गेलाह।



19

दाउदक घिनौना पापक लेल परमेश्वर हुनका मांफ कऽ देने रहैथि। तकरा बाद बतसेबाक आओर एकटा नेन्हा भेलिन, सलोमन जिनका एक महान राजा दाउदक बाद बनबाक रहिन। मुदा राजा दाउदक आओर बहुते धियापुता रहिन - एहि में किछु हुनका लेल बड़ कठिन तकलीफ आनैत छलाह।



20

# राजा दाउद (भाग 2)


**परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल**

**अहाँक द्व**

2 शामूएल 1-12

***ऋका क और प्रवे करवैत अछि।***
***भजन संहिता* 119:130**

21




21 60

22

*इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।*

*परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल ॅकनिक नीक काम वा खराब काम कयने छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह ॅयत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह ॅइत अछि। लेकिन ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुाली (फाँसी) पर चढाअ ॅल जाए। आओर हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ ॅ फेर द ॅसर जन्म र्स्वग सि ारि गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका सऽ प्रार्थना करू मा याचना करू तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।*

*अपने ल ॅकनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।*

*प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रूप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुनःयानि फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा सब पर दया करू कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।*

*ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ बातचीत करैत रहु।* *यहुन्ना* 3:16

23